

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab baris medar métodeu panalungtikan anu baris dipaké dina ieu panalungtikan. Ieu téh minangka acuan nalika lumangsungna panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif analitik, sabab ieu panalungtikan ngagunakeun buku salaku sumber datana.

Anu baris dianalisis tina buku téksna nyaéta kontén évaluasina, anu miboga patali jeung muatan *HOTS* dina Taksonomi Bloom édisi révisi, jeung instrumén dina nyusun soal *HOTS*. Anapon subbab dina ieu bab nyaéta 1) Desain panalungtikan, 2) Sumber panalungtikan, 3) Instrumén panalungtikan, 4) Téhnik ngolah data, 5) Analisis data, jeung 6) isu étik.


3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa pedaran umum ngeunaan prosés atawa léngkah-léngkah anu baris dipilampah dina ieu panalungtikan. Ku ayana desain panalungtikan, dipiharep lumangsungna panalungtikan téh bisa dilaksanakeun kalawan sistematis. Anu kawengku dina desain panalungtikan nyaéta métode panalungtikan, pamarekan, tur léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan.

Nurutkeun Moleong (2014, kc. 6), panalungtikan pamarekan kualitatif téh panalungtikan pikeun maham fénoména anu karandapan ku subjék panalungtikan sacara holistik kalawan déskripsi dina wangun kekecapan jeung basa, dina hiji kontéks husus anu alamiah, tuluy ngamangpaatkeun sababaraha métodeu alamiah. Saluyu jeung pamadegan Sugiyono (2013, kc. 10) panalungtikan kualitatif didadasaran ku filsafat *postpositivisme* atawa paradigma *interpretive*, dipaké pikeun nalungtik hal alamiah. Dina panalungtikan kualitatif, nempatkeun panalungtik jadi instrumén konci, tuluy téhnik ngumpulkeun datana dilakukeun sacara triangulasi (gabungan observasi, wawancara, sarta dokuméntasi). Analisis datana induktif, sarta dipake pikeun maham ma'na, maham kana ciri has, ngakonstruksi kajadian sarta manggihan hiji hipotésis.

Nurutkeun Surya & Abdillah, (2019, kc. 11) métodeu panalungtikan mangrupa cara anu dipilampah pikeun meunangkeun data dina panalungtikan. Métodeu anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métodeu déskriptif. Panalungtikan déskriptif téh panalungtikan anu diarahkeun pikeun medar gejala, fakta atawa kajadian sacara sistematis tur akurat, ngeunaan sipat populasi atawa daérah nu tangtu (Ahyar spk., 2020, kc. 54). Dina métodeu déskriptif, aya déskriptif analitik eusi dokumén, ku sabab kitu ieu panalungtikan téh ngadéskripsikeun kontén *HOTS* anu aya dina buku *Simpay Basa Sunda* SMP kelas VIII.

Dumasar kasang tukang tur rumusan masalah, ieu panalungtikan téh baris nganalisis ragam lével kognitif, manggihan wangun stimulus, sarta unsur kontékstual anu diwengku dina buku *Simpay Basa Sunda* SMP kelas VIII. Sangkan leuwih jéntré, desain panalungtikanana saperti ieu di handap.



Bagan 3.1

Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta buku téks *Simpay Basa Sunda* SMP kelas VIII anu ditulis ku Yayasan Sudaryat jeung Deni Hadiansah. Ieu buku téh geus réa digunakeun ku sakola di Kota Bandung, kitu ogé sumebar di

sakola-sakola di Jawa Barat. Ieu panalungtikan dirojong ogé ku buku Kurikulum Tingkat Daérah Kurikulum 2013 révisi 2017.

Data nu digunakeunana nyaéta udagan pangajaran, pituduh sarta bagian évaluasi anu kawengku dina unggal bab dina ieu buku.

Tabél 3.1

Jumlah Udagan Pangajaran dina Buku *Simpay Basa Sunda* SMP kelas VIII

No	Pangajaran	Jumlah
1.	Pangajaran 1	8
2.	Pangajaran 2	7
3.	Pangajaran 3	9
4.	Pangajaran 4	7
5.	Pangajaran 5	9
6.	Pangajaran 6	7
7.	Pangajaran 7	9
8.	Pangajaran 8	7
Jumlah		63

Tabél 3.2

Jumlah Pituduh dina Buku *Simpay Basa Sunda* SMP kelas VIII

No	Pangajaran	Jumlah Pituduh
1.	Pangajaran 1	8
2.	Pangajaran 2	5
3.	Pangajaran 3	6
4.	Pangajaran 4	3
5.	Pangajaran 5	6

6.	Pangajaran 6	7
7.	Pangajaran 7	5
8.	Pangajaran 8	7
Jumlah		47

Tabél 3.3

Jumlah Soal dina Buku *Simpay Basa Sunda* SMP kelas VIII

No	Pangajaran	Jumlah Soal
1.	Pangajaran 1	56
2.	Pangajaran 2	41
3.	Pangajaran 3	37
4.	Pangajaran 4	32
5.	Pangajaran 5	37
6.	Pangajaran 6	38
7.	Pangajaran 7	34
8.	Pangajaran 8	28
Jumlah		303

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat anu dipaké dina ngalaksanakeun panalungtikan pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2010, kc. 192). Dina ieu panalungtikan, instrumén anu dipaké nyaéta “baca-kutip” kana tabél data. Soal sarta pituduh anu geus dibaca jeung dicirian téh dikutip dumasar kana hasil analisis. Anu dianalisisna nyaéta naha éta soal jeung pituduh téh kagolong kana katégori kognitif mana, tuluy nganalisis stimulus unggal soal, sarta nangtukeun

unsur kontékstual. Tabél data anu baris dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

Tabél 3.4
Tabél Data Panalungtikan

Bagian	Soal/Pituduh/Udaga n + kode	PG/Uraian (husus soal)	Lével kognitif	Wangun stimulus	Unsur kontékstual	Keterangan

Kat: conto kodé soal téh saperti SBS/1/P1/S1, SBS/1/Pt1, atawa SBS/1/U1

SBS: ngaran buku anu dianalisis

1: nunjukeun pangajaran

P1: pancén kahiji

S1: soal kahiji

Pt1: pituduh kahiji

U1: Udagan kahiji

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 137) téhnik ngumpulkeun data téh bisa dilakukeun ku cara *interview* (wawancara), kuésioner (angkét), observasi, dokuméntasi, jeung triangulasi. Nurutkeun Juliawan spk., (2021) téhnik dokuméntasi téh dipaké pikeun néangan data ngeunaan hal-hal anu rélevan ti sababaraha sumber saperti dokumén, buku, majalah, jeung berita. Dina ieu panalungtikan, téhnik anu dipaké nyaéta téhnik dokumén.

Nilamsari (2014) nétélakeun yén dokumén mangrupa hiji catetan ngeunaan kajadian hal anu geus kungsi karandapan, boh ditulis dina kertas boh ditulis dina média éléktronik. Sangkan leuwih jéntré, dokumén anu dimaksud dina ieu panalungtikan téh nyaéta kecap atawa ciri tina hiji hal dumasar kana tabél,

saperti ningali tabél lével kognitif dina tabél taksonomi Bloom édisi révisi, kitu ogé kana padoman instrumén penilaian soal *HOTS*.

Téhnik catetan mangrupa téhnik pikeun nyatet soal sarta pituduh anu diwengku dina buku, tuluy nyatet indikator anu ngarojong kana éta soal sarta pituduh, saperti muatan lével kognitifna, stimulus, jeung unsur kontékstualna. Sangkan leuwih jéntré, léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana dipedar saperti ieu di handap.

1. maca référénsi sarta nangtukeun tabél pikeun jadi padoman dina ngaklasifikasikeun taksonomi Bloom jeung instrumén penilaian soal jeung pituduh wangun *HOTS*;
2. maca jeung nyirian soal sarta pituduh dina buku, nilikan lével kognitif, stimulus jeung unsur kontékstualna;
3. nuliskeun data kana instrumén anu geus disadiakeun;
4. nyusun data anu geus dibeunangkeun.

3.5 Analisis Data

Kegiatan nganalisis jeung ngolah data téh minangka hiji cara pikeun nyangking jawaban tina pasualan anu keur ditalungtik. Analisis anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta analisis data déskriptif analitik. Dimimitian ku nyusun data, tuluy diolah kalawan milih data anu penting sarta anu miboga patali kana rumusan masalah.

Déskriptif analitik dipaké pikeun ngitung perséntaseu unggal katégori anu keur ditalungtik, saperti ngitung muatan *HOTS*, *LOTS*, lével kognitif, stimulus, kitu ogé unsur kontékstual. Sangkan leuwih jéntré cara pikeun ngolah data ngagunakeun instrumén olah data saperti ieu di handap.

Tabél 3.5

Frékuénsi/perséntaseu dumasar lével kognitif

KKO Ranah Kognitif	Frékuénsi KKO								Total	Perséntaseu
	1	2	3	4	5	6	7	8		
<i>Mengingat</i>										

<i>Memahami</i>										
<i>Mengaplikasikan</i>										
<i>Menganalisis</i>										
<i>Mengevaluasi</i>										
<i>Mengkreasi/Mencipta</i>										

Pikeun néangan frékuénsi nyaéta

$$F\% = \frac{\sum Q}{\sum R} \times 100\%$$

Keterangan:

F% : Frékuénsi

ΣQ : Jumlah soal/pituduh anu boga muatan lével kognitif/stimulus/kontékstual

ΣR : Jumlah total soal/pituduh

Sabada ngolah data frékuénsi, tuluy hasilna didéskripsikeun. Lian ti nganalisis lével kognitif, dianalisis ogé unsur kontékstualna, nyaéta kontén anu bisa dipatalikeun jeung kahirupan sapopoé siswa. Dianalisis ogé jenis stimulus anu dipaké, tuluy diitung jumlah stimulus anu nyampak dina kontén. Pikeun nganalisisna, ngagunakeun tabél saperti ieu di handap.

Tabél 3.6

Frékuénsi unsur stimulus soal

Bab	Soal	PG/Esay	Jenis Stimulus		
			Vérbal	Visual	Matématis

Tabél 3.7

Frékuénsi unsur stimulus pituduh

Bab	Jenis Stimulus		
	Vérbal	Visual	Matématis

3.6 Isu Étik

Ku ayana analisis *Higher Order Thinking Skills (HOTS)* dina bahan ajar basa Sunda, hususna dina buku *Simpay Basa Sunda* tangtu moal ngabalukarkeun hal-hal anu matak ngaruksak citra pangarang buku, penerbit, sarta sakabéh pihak anu kalibet dina nyarungsum ieu buku.

Ieu panalungtikan miboga maksud pikeun apal kana karakter buku *Simpay Basa Sunda* anu geus sumebar di sakola-sakola Jawa Barat. Lian ti éta, ieu panalungtikan kur ngabuktikeun analisis buku anu idéalna bisa ngarojong mekarkeun kamampuh mikir tingkat luhur siswa anu didadasaran ku tiori Taksonomi Bloom édisi révisi, ogé didadasaran kana alat penilaian instrumén *HOTS*.

Dina ayana pangaruh négatif kana ieu panalungtikan, panalungtik bisa nyieun klarifikasi kana klaim anu bisa ngaruksak citra ieu buku. Pikeun prosédurna, sabada hasil tina ieu panalungtikan dijadikeun skripsi, tuluy aya citraan négatif ka hiji pihak, panalungtik langsung méré klaim yén éta hal téh henteu bener. Tuluy dijieun *press release* anu diuwuhan ku tanda tangan panyusun, program studi, sarta penerbit.